



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE NOUVO PWOGRAM ANKOURAJMAN POU VAKSEN AN KI RELE 'VACCINATE, EDUCATE, GRADUATE' POU TI MOUN KI GEN 5 A 11 ZAN POU GEN YON CHANS POU GENYEN YON BOUS ETID KONPLÈ NAN SUNY OSWA NAN CUNY**

*Paran ak gadyen timoun ki gen 5 a 11 zan ki resevwa premye dòz vaksen yo anvan 19 desanm ka patisipe nan tiraj osò a [isit la](#)*

*Bous etid la den ladan frè ekolaj, chanm ak pansyon*

*10 Gàyan pa semèn pandan senk semèn ak premye gànnyan yo ke yo pral anonse 24 novanm; orè tiral la disponib [isit la](#)*

*Yo ankouraje paran yo, gadyen yo, ak kominote yo vizite [Ny.Gov/Vaxforkids](https://www.ny.gov/vaxforkids);*

*Nouvo afich, otokolan ak lòt resous yo disponib pou founisè yo ki sou tèren an [isit la](#)*

Jodi a, pandan yon reyinyon sou COVID-19 nan Sant Sante Katye Mount Vernon (Mount Vernon Neighborhood Health Center) lan nan Konte Westchester, Gouvènè Kathy Hochul te anonse nouvo efò pou sipòte vaksinasyon timoun ki gen 5 a 11 zan, ki gen ladan lansman yon nouvo pwogram ankourajman pou vaksen yo - ki se 'Vaccinate, Educate, Graduate (Vaksinen, Edike, Gradye) - pou jèn Nouyòkè yo. Paran ak gadyen timoun ki gen laj ant 5 jiska 11 zan ki resevwa premye dòz vaksen yo disi 19 desanm ka antre nan pwogram ankourajman Eta a pou yo gen chans pou pitit yo genyen yon bous etid konplè nan nenpòt kolèj oswa inivèsite SUNY oswa CUNY ki dire de oswa kat ane; bous etid la gen ladan frè ekolaj, chanm, ak pansyon. Yo pral anonse dis gànnyan chak semèn apati 24 novanm, pou yon total de 50 gànnyan y ap chwazi pandan peryòd senk semèn lan.

"Finalman, vaksen COVID-19 lan la pou jèn Nouyòkè ki gen laj 5 jiska 11 zan yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Travay enpòtan nou an pou rann vaksen an aksesib epi disponib pou tout timoun ki elijib yo ak fanmi yo sou pye - epi nou pral sipòte ak selebre moun ki pran vaksen yo yon fason kreyatif. Pwogram 'Vaccinate, Educate, Graduate' la se yon opòtinite ekstrawòdinè pou timoun yo genyen bous gratis nan yon kolèj oswa inivèsite SUNY oswa CUNY, epi mwen ankouraje paran ak gadyen yo pou yo ede pitit yo pran vaksen epi antre nan pwogram inik sa."

Gànyan pwogram ankourajman Eta a pral resevwa de oswa kat ane etid aplentan nan nenpòt pwogram diplòm Asosye ou swa Lisans nan SUNY ou swa CUNY, ki gen ladann sa ki annapre yo:

- Frè eskolarite: Frè eskolarite konplè nan Eta a ou swa nan tarif frè eskolarite nan New York State University ou swa New York City University.
- Frè pou depans ki pa lye a ekolaj la: Chanm ak pansyon ak alokasyon pou frè liv, founiti ak transpò jiska nan pri mwayèn nan kolèj SUNY an.
- Rezidans: Elèv k ap viv nan kanpis lekòl la pral resevwa yon alokasyon pou chanm ak pansyon ki pi wo pase elèv ki vwayaje yo. Si pa gen lojman ki disponib pou elèv yo nan kanpis la, yo pral resevwa menm alokasyon ak elèv k ap viv nan kanpis la.

**Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare,** "Elaji elijibilite vaksen an pou jèn timoun ki gen 5 ane ba nou plis konfyans menm ke nou pral metrize COVID-19 yon fason efikas epi mete kondisyon yo an plas pou rekiperyasyon ekonomik total New York la. Pwogram 'Vaccinate, Educate, Graduate' la pral ankouraje davantaj paran ak gadyen yo pou yo pwoteje pitit yo, epi nou vrèman ankouraje yo fè sa. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li ankouraje plis Nouyòkè pou yo pran vaksen an epi paske li pwofite gwo repitasyon CUNY pou ede dirije rezijans Eta a."

**Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare,** "Vaksen yo se te kle yon eksperyans akademik ak kanpis ki pi nòmal nan tout SUNY an. Kounye a menm piti ki pi jèn yo gen yon opsyon vaksinyon apwouve, sa a se yon lòt gwo etap pou mete fen nan pandemi sa a, epi nou dwe kontinye fè tout sa nou kapab pou ankouraje tout moun pran piki yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li ofri nouvo ankourajman sa a ansanm ak yon opòtinite pou ale nan youn nan kanpis nou yo gratis. Nou vrèman espere ke fanmi yo atravè eta nou an ap pwofite òf sa a."

**Prezidan Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè Eta New York la, Dr. Guillermo Linares, te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan ogmante vaksen pou timoun ki gen 5 a 11 zan epi pou mezi li pou ankouraje plis jèn New York yo pran vaksen an. Lansman Pwogram Ankourajman pou Vaksen 'Vaccinate, Educate, Graduate' la pral pèmèt New York diminye kantite total ka pozitif COVID yo epi asire yo pwoteje tout Nouyòkè yo. Avèk plis opòtinite ki disponib pou jèn yo resevwa yon bous etid konplè nan youn nan enstitisyon klas mondyal New York yo, pa gen pi bon moman pase kounye a pou timoun 5-11 zan yo pran vaksen an."

Pou yo ka elijib, timoun yo dwe gen ant 5 ak 11 zan epi yo dwe rezidan nan Eta New York. Dapre lwa federal la, timoun yo dwe rezidan pèmanan legal ou swa sitwayen Ameriken pou yo ka elijib. Fon federal pou sansibilizasyon ak sekou COVID-19 la pral svi pou kouvri depans nan pwogram ankourajman pou vaksinyasyon an.

Paran ak gadyen yo ka patisipe nan non timoun ki elijib yo [isit](#) epi moun ki pa gen aksè ak entènèt yo ka rele [1-833-697-4829](tel:1-833-697-4829) pou soumèt yon enskripsyon pa telefòn. Eta New York pral administre tiraj osò a chak semèn, epi se Depatman Sante Eta New

York ak Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè Eta New York (New York State Higher Education Services Corporation) ki pral verifye ganyan yo.

Yo pral aksepte sèlman yon sèl enskripsyon pou chak timoun, epi timoun yo dwe deja resevwa premye vaksen COVID-19 yo omwen yon jou anvan enskripsyon yo. Yo pral repòte enskripsyon yo atravè tout tiraj pwogram 'Vaccinate, Educate, Graduate' la. Gen Enfòmasyon Adisyonèl Ki Disponib nan [Règleman Ofisyèl yo](#).

Nou ankouraje paran ak gadyen yo pou vizite [nouvo sit entènèt](#) Eta a, [ny.gov/vaxforkids](http://ny.gov/vaxforkids), pou jwenn enfòmasyon, [kesyon yo poze souvan](#), ak [nouvo resous](#) vaksen COVID-19 la ak timoun yo. Eta a dènyèmman te ajoute materyèl ki pare pou sipòte founisè pedyatrik yo ak lokalite k ap bay timoun yo vaksen an sou tèren an, tankou nouvo afich ak otokolan ki disponib [isit la](#).

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5 a 11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran ak responsab yo ka vizite [vaccines.gov](http://vaccines.gov), voye kòd postal yo pa mesaj tèks bay 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn kote ki toupre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a. Nan moman sa, yo te itilize sit vaksinasyon an mas Eta New York yo aktyèlman pou moun ki gen laj 12 an ak plis, pandan sit tanporè #VaxToSchool yo konsantre sou moun ki gen 12- a 17 an. Pwogramasyon ak evènman siplemantè ki konsantre sou timoun ki gen 5 a 11 zan yo ap anonse nan pa lontan.

###

Lòt nouvel ki disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418